МКОУ «Калининаульская СОШ имени Героя России Гайирханова М.М»

# План- конспект урока по чеченскому языку

# «Причастица ЦА,ЗА нийсаяздар»



Подготовила и провела
учитель родного языка
и литературы:
Хаджиева М.И.

## Йолхитталг1ачу январехь

## Классера болх

## Урокан тема

# Причастица дацаран дакъалгаш

# ЦА, ЗА нийсаяздар

1. Дешнийн диктант

**Тал…архо, лат…а, поп…ар,кхол…ар, кхал…ар, нит…аш, макх…ал, сат…ам, г1ул…акх, лоп…аг,г1ил…акх, дот…аг1, г1ум…аг1, чач…ам,ак…ази, х1ут…ут, г1ат…амхой, туьп…алг, бакъ…аш, бахь…аш, берал…а.**

***Т1ЕДИЛЛАР: Т1адамийн меттана дог1уш долу элпаш а дохкуш, д1аязде дешнаш.***

# 2. Предложенина синтаксически къастам бе, анализ е:

## 2.1 Школан майданахь бераш буьрканах ловзу

А) Шен тайпане хьажжина х1ун предложении ю х1ара?

Чаккхенга х1ун хьаьрк х1оттайо?

Б) Цхьалхе ю ,чолхею предложени?

В) Цхьанах1оттаман ю, шинах1оттаманю, кхаах1оттаман ю предложении?

Г) Яржаза ю, яьржина ю предложении?

(А–Г) — Оьрсийн матте гочде хаттарш.

## 2.2 Нийса биний синтаксически къастам х1окху предложенина?

**Йишас вешина книгаш, тетрадаш, къоламаш ийцира?**

НИСДЕ Г1АЛАТАШ

# Дешнийн цхьанакхетарш талла.

ШИЙЛА 1А БОККХА ША

1) Маса декъах лаьтта дешнийн цхьанакхетар?
2) Х1ун сиз хьокху коьртачу а, дозуш долчу а дешнашна?
3) Муьлхачу дашт1ера х1оттадо хаттар?

# Керлачу дешнийн маь1наш

1. Ринжа – кертана дехьа – сехьа вала йитина меттиг я жима ков.(калитка)

2. Цица – юучух туху хаза хьожа йолу буц  (УКРОП).

3. Дедо– жима садолу х1ума (божья коровка).

# Керла коьчал

1. Дацаран дакъалг ЦА лаамазчу причастех къаьстина яздо:

   дешна кехат – ца дешна кехат, ловзу бераш – ца ловзу бераш.

2. Карарчуй, яханчуй хенашкахь йолу лаамечу причастешца дацаран дакъалг ЦА цхьаьна яздо:
   Цааьлларг, цагинарг, цавеанарг, цаэриг, цагирг, цавог1ург.

3. Йог1учу хенахь йолчу лаамечу причастица ЦА къаьстина яздо:
   Ца аьн дерг, ца гун дерг,ца вог1у верг.

4. Дацараллин маь1нехь йолу суффикс ЗА лаамазчу а, лаамечу а причастешца даима цхьаьна яздо: ахаза аре, даттаза бепиг, чекхбалаза болх.

5. Дацараллин маь1нехь йолу суффикс ЗА яханчу хенийн причастин бен ца хуьлу.

| Лаамазчу причастих ца къаьстина язйо | Кара́рчуй, яханчуй хенашкахь лааме при- частица ца цхьаьна язйо: | ЙогӀучу хенахь лаамечу причастица ца къаьстина язйо: | Дацараллин маь1нехь суф. за лаамечу а, лаамазчу а причастешца цхьаьна язйо: |
|---|---|---|---|
| ца аьлла дош<br>ца дезна х1ума<br>ца дуьйцу хабар | цагинарг цаэшнарг цавезарг<br>цакарориг | ца ___веъна верг<br>ца ___лоьху верг<br>ца ___дуу дерг | ваза стаг<br>кхехказа яй<br>дийцаза туьйра |

-Маца яздо дакъалг ца причастешца къаьстина? Даладе масалш.

- Цхьаьна яз а дой и дакъалг причастешца?
-
- Дацараллин маь1нехь йолу суффикс -за причастешца муха язйо? Даладе масалш.

**Ж а м I д а р.** Муха яздо дацаран дакъалгаш ца, за причастешца?

## 1амийнарг т1еч1аг1дар

# 148, 149 – г1а шардарш

# Нийсаниг караде

**1 Х1ара дешнаш синонимаш ду:**

1) стигал – латта;
2) гоьза - гарс; -
3) токхо – якхо;
4) дахар – 1ожалла.

**2 Дера, х1уттут, со кхечу махка яха яха новкъа ма яьлла. –**
бохучу предложенера **х1уттут** боху дош:

1) подлежащи ду;
2) нийса кхачам бу;
3) цхьа меже яц; -
4) лач кхачам бу.

**3 Х1ара дешнаш схьадевлла ду:**

1) дешархо, коьрталла, махкахо; -
2) адам, хье, ц1е;
3) т1ам, мохк, раг1;
4) не1, куьг, кор, корта.

4. **Мулхачу къамелан декъо билгалдо дар, хилар:**
   1. ц1ердош
   2. билгалдош;
   3. терахьдош;.
   4. хандош.


















## Ц1ахь бан болх

1. бакъо 23, 150 – г1а шардар;
2. 1аьнах лаций суьрташ дахка.